



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 3,600 NOUYOKÈ YO TE ADOPTE TE DEPOZE DEMAND AK NESANS YO ANLIY NAN PREMYE 48 ÈDTAN NOUVO LWA KI ANVIGÈ A

Moun ki adopte yo te an mezi pou fè demand dokiman yo dapre nouvo Lwa ki anvigè nan dat 15 Janvyè a

Depoze aplikasyon anliy [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke plis pase 3,600 moun ki adopte, ki andeyò Vil New York, ki gen laj 18 tan oswa plis te depoze aplikasyon depi 15 Janvyè 2020 pou resevwa yon kopi sètifye orijinal, ak nesans yo, oubyen sètika anvan adopsyon yo. 15 Janvyè se te premye jou yo te kapab fè demand dokiman sa yo apre yon nouvo lwa Gouvènè a te siyen.

"Moun ki adopte yo genyen tout dwa yo pou genyen menm dosye nesans ak tout lòt moun, e nouvo lwa nou te adopte yo ap rann sa vin yon reyalyte pou premye fwa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Enterè enpòtan nou te obsève nan sèlman 48 premye èdtan nouvo lwa sa te antre anvigè a souliyen nan ki pwen chanjman politik sa valab pou Moun New York yo, e mwen fyè nou te kapab ede korije inegalite sa."

Depatman Sante (Department of Health) Eta New York aksepte demand moun yo adopte ki gen 18 lane ak plis ki fèt nan Eta New York, andeyò Vil New York, ki vle resevwa batistè yo kounye a. Si moun yo adopte a mouri, desandan liy dirèk, tankou yon timoun, yon pitit pitit oswa yon pitit pitit pitit moun yo adopte a, ka mande yon kopi batistè moun adopte a. Yon reprezantan legal yon moun yo adopte oswa yon reprezantan legal desandan liy dirèk yon moun yo adopte ki mouri kapab aplike tou pou yon batistè orijinal.

Yo te soumèt plis pase 3,600 demand [anliy](#) nan de premye jou yo, jan Depatman Sante a te ankouraje l la, paske se fason ki pi efikas pou aplike e sa ap pèmèt yo remèt yo ak nesans yo pi rapidman. N ap aksepte aplikasyon papye yo tou pa lapòs ak an pèsòn.

Depatman Sante gen dosye nesans pou tout Eta New York eksepte pou Vil New York. Moun yo adopte nan Vil New York dwe aplike atravè [Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York \(New York City Department of Health and Mental Hygiene\)](#).

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Staf devwe ki nan Depatman Sante a te konsakre anpil tan pou prepare jounen sa. N ap

kontinye travay pou trete aplikasyon sa yo ak dilijans, pi rapid ke posib, pou moun yo adopte yo ka genyen pyès enpòtan sa nan pase yo".

Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite:

https://www.health.ny.gov/vital_records/obtaining_birth_certificate.htm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)